

K

1

2

3

4

5

6

7

8

Gwo espwa

Patnarya pou
lavni pitit ou



**Department of
Education**

Joel I. Klein, Chancellor

Bon lekòl derape ak Gwo espwa

Nòm aprantisaj yo dekri baz sa elèv yo ta dwe konnen ak sa yo ta dwe ka fè nan chak klas. Nòm sa yo asire ke tout elèv yo prepare pou chanje klas epi, annapre, pou yo gen siksè nan kolèj, jwenn yon djòb, epitou vin manm k ap pwodui nan kominote yo. Timoun yo dwe devlope yon lanmou pou yo aprann k ap sèvi yo byen nan yon monn kote enfòmasyon ap chanje ak devlope rapidman.

Pou timoun yo kapab jwenn travay nan ekonomi mondyal konpetitif la epi pou yo kapab fonksyone nan yon monn k ap chanje vit, y ap bezwen konnen plis pase anvan. Sa se yon reyalyite pou elèv gradye ki fè plan pou enskri nan kolèj ki genyen pwogram katran; Se yon reyalyite tou pou elèv ki vle kòmanse karyè yo touswit apre lekòl segondè.

Nòm Leta Nouyòk nou itilize yo, yo fèt pou ofri elèv nou yo korikolòm solid pou asire yo devlope kreyativite, aptitud pou panse kritik ak kapasite pou rezoud pwoblèm y ap bezwen pou yo fè fas ak defi monn modèn lan. Men nòm yo se yon kòmansman, se pa yon fen. Lè nou satisfè ak bati sou yon fondasyon konesans solid, elèv nou yo ap benefisye davantaj de edikasyon yo.

Nan gid sa a, w ap jwenn kèk egzanp sou sa elèv klas 7yèm ane yo ta dwe konnen ak sa yo ta dwe ka fè nan fen ane akademik lan nan lang e literati(ELA), matematik, syans sosyal, ak syans. W ap jwenn tou fason ou kapab sipòte aprantisaj la antank yon fanmi, tankou bagay ou kapab fè lakay ou, nan katye ou ak toupatou nan gran vil nou an.

Gid sa a ofri sèlman yon ti modèl nòm pou klas 7yèm ane yo. E sa ki konsène lòt nòm yo? Kisa pitit ou a ta dwe deja konnen anvan l kòmanse 7yèm ane? Kisa l ap aprann nan klas 8yèm ane ak nan lòt klas yo? Pwofesè pitit ou kapab ba ou repons pou tout kesyon sa yo oswa ou kapab jwenn repons yo sou sit wèb nou nan www.nyc.gov/schools/langauges/haitiancreole/academics.

Bòn abitud etid

Pou ede pitit ou yo devlope bon abitud etid :

- ❑ Prepare yon espas konfòtab nan kay la pou li fè devwadmezon li ak ti materyèl tankou plim, kreyon, papyè, sizo, ak tep ki deja la.
- ❑ Fè yo fè ak òganize devwa yo chak jou. Yo bezwen konnen kouman pou yo jere tan yo ak devwa yo an fonksyon objektif alontèm yo.
- ❑ Ankouraje yo fè devwa ki pi difisil yo, se pa an dènye.
- ❑ Verifye pou w wè si devwa yo fini alè. Prewokipe w plis de pwosesis yo itilize pou yo fè devwa a pase pou w ap siveye repons ki kòrèk.

Pou ka jwenn lòt lide, ale nan sit wèb www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.

Elèv ki gen andikap :

Sofsi genyen lòt edikasyon nan Plan edikasyon endividyèl Individualized Education Program (IEP) elèv la, elèv ki genyen andikap yo ap patisipe nan korikolòm edikasyon jeneral la ke yo kapab adapte pou diferan nivo ansèyman ak diferan anviwònman (tankou kou Ansèyman yon gwoup pwofesè k ap kolabore ofri elèv Collaborative Team Teaching (CTT) oswa kou edikasyon espesyal endepandan). Adaptasyon yo kapab genyen ladan yo itilizasyon sipò didaktik tankou kalkilatris ak sipò vizyèl, plis tan pou aprann nouvo teknik, epi diminye nan longè devwa yo pou ede elèv ki gen andikap yo satisfè nòm yo.

Mande pwofesè pitit ou

Nòm aprantisaj yo ofri w yon gwo opòtinite pou pale avèk pwofesè yo sou sa pitit ou ap aprann nan lekòl la ak fason ou kapab sipòte aprantisaj sa a lakay ou. Men kèk kesyon ou kapab vle poze.



Pou konnen plis sou yon nòm :

- Èske ou kapab montre mwen kèk egzanzp travay elèv la ki satisfè nòm sa a?
- Èske mwen kapab gade kèk travay pitit mwen ki konsène nòm sa a?
- Kilè pitit mwen ap travay sou nòm sa a pandan ane akademik lan?
- Ki aktivite ak materyèl w ap itilize nan lekòl la pou ede pitit mwen satisfè ak depase nòm sa a? Ki travay nan klas ak devwadmezon ou pral bay elèv yo?
- Ki kèk egzèsis mwen kapab fè avèk pitit mwen pou ede li avèk nòm sa a?
- Anplis nòm ki fè pati gid sa a, ki lòt nòm yo atann pou pitit mwen an aprann ane sa a?

Pou konnen kouman pitit ou ap travay nan lekòl la :

- Nan ki matyè pitit mwen an ap travay nan nivo klas la? Èske genyen kèk domèn kote pitit mwen bezwen amelyorasyon?
- Èske pitit mwen an ap li nan nivo klas li? Èske w ka montre m kèk liv pitit mwen an ka li?
- Konbyen tan pa jou pitit mwen pase ap travay sou chak matyè?
- Kouman ou evalye pitit mwen an sou matyè sa yo pandan ane a?

Pou konnen fason pou w sipòte pitit ou :

- Anplis kanè yo, ki pi bon mwayen pou m rete enfòme sou fason pitit mwen ap travay?
- Si pitit ou a pa p travay nan nivo klas la : Ki èd lekòl la kapab ofri pitit mwen? Kisa mwen kapab fè lakay mwen pou ede pitit mwen travay pi byen nan lekòl la?
- Si pitit ou a nan nivo klas la oswa si li depase nivo klas la : Ki ankourajman ak sipò siplemantè ou sijere pou pitit mwen? Kouman mwen kapab ede pitit mwen lakay li?

Lang e literati angle (ELA)

Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab:

- Rekonèt fason otè yo itilize pwosede literè tankou aliterasyon (repetisyon menm son konsòn nan kòmansman mo, tankou nan "Pretty in Pink") oswa antisipasyon (konekte sou fòm prediksyon sa ki pral pase pita nan istwa a).
- Konprann pwendvi pèsònèl yo ap afekte opinyon yo bay sou tèks ak pwoblèm.
- Itilize diferan metòd pou planifye ak òganize redaksyon yo. Pa egzanp, yo kapab konsève kanè yon ekriyen epi itilize yon òganizatè grafik, tankou yon kwonoloji.
- Koute konferans klas la, diskisyon an ti gwoup, ak diskisyon nan salklas la pou konprann ak entèprete literati ak tèks ki bay enfòmasyon (rapò, atik, elatriye).
- Prezante tèks literè orijinal tankou powèm oswa diskou. Itilize langaj envansyon ak estrikti tèks. Pa egzanp, yo kapab itilize entwodiksyon ki kapte enterè oditwa a.
- Li ak konprann omwen 25 liv, pami yo omwen kat liv sou yon sijè oswa kat liv menm otè a ekri oswa kat liv ki nan yon sèl jan (estil) literati.
- Rekonèt fason yo di mo yo kapab afekte siyifikasyon yo. Pa egzanp, yo kapab ede transmèt sakasm, iwoni oswa antouzyasm.
- Itilize diferan estrateji konpreyansyon, tankou prediksyon, poze kesyon, fè rezime, vizyalize ak fè koneksyon, pou konprann ak reponn lekti.
- Itilize rasin mo (tankou rasin mo grèk, laten oswa orijin anglo-sakson) ak pati mo (tankou prefiks ak sifiks) pou detèmine siyifikasyon nouvo mo yo.
- Li an silans ak awotvwa nan plizyè jan (estil).



Aprantisaj lakay

Estrateji sa yo kapab fèt nan lang natifnatal fanmi yo ak nan lang Angle tou.

Ankouraje pitit ou pou li konsève jounal, atik fowòm oswa lòt dokiman ekri sou yon eksperyans pèsònèl aktyèl oswa sou yon tèm. Pa egzanp, yo kapab ekri sou karyè posib, pran rezolisyon epi kanpe sou yo, angaje yo nan yon pwòje volontè kontini, oswa kòmanse yon nouvo ane akademik.

Anrejistre yon diskisyon ant pitit ou ak oumenm. Analize ton vwa youn lòt, volim, ritm ak chwa langaj lòt. Ki mesaj chak vwa kominike san pale ?

Ankouraje pitit ou tcheke resous sou Entènèt sou sijè enterè ki disponib atravè sit wèb Bibliyotèk Piblik Nouyòk, kids.nypl.org.

Matematik



Aprantisaj lakay

Louvri yon kont-depay pou kolèj avèk pitit ou epi fikse objektif pou ekonomize.

“On-Lion” for Kids, sit wèb Bibliyotèk Piblik Nouyòk pou jenn moun, genyen jwèt matematik ak syans ak eksplorasyon ki enteresan nan kids.nypl.org/science/math.cfm, avèk tou èd pou devwadmezon epi kesyon ak repons sou konsèp ak pwoblèm matematik lekòl pre-segondè.

Pale avèk pitit ou ak pwofesè pitit ou. Matematik chanje anpil depi anpil adilt te lekòl epi ou kapab pa rekonèt sa y ap anseye ladan kounye a. Pa pè poze kesyon. Pou jwenn konsèy sou fason pou sipòte pitit ou, ale nan sit wèb www.figurethis.org, epi klike sou “Family Corner.”

Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Itilize notasyon syantifik pou ekprime nonb ki gwo anpil ak nonb ki piti anpil. Pa egzanp, yon trilyon (1.000.000.000.000) kapab ekri sou fòm 10 puisans 12 oswa 10^{12} .
- Adisyone, soustrè, miltipliye ak divize nonb antye relativ—nonb antye pozitif (1, 2, 3...), nonb antye negatif (-1, -2, -3...), ak zewo..
- Itilize sikonferans oswa sipèfisi yon sèk pou jwenn reyon ak dyamèt yon sèk. Pa egzanp, sikonferans egal a dyamèt miltipliye pa pi π (≈ 3.1416), kidonk si sikonferans yon sèk se 15 inite, divize 15 pa 3.1416 pou jwenn yon dyamèt ki apeprè 4,77 inite.
- Konprann ak aplike jewometri triyang rektang yo, tankou teyorèm Pythagor tou. Sòm kare de kote yon triyang rektang egal a kare ipotenz li, oswa $a^2 + b^2 = c^2$.
- Idantifye inite mas tradisyonèl, tankou liv ak ons, ak inite metrik mas, tankou gram ak kilogram.
- Kalkile distans avèk echèl yon kat jeyografi. Pa egzanp, si echèl la se 1 pous = 10 mil, kalkile distans ant de pwen ki se $4\frac{1}{2}$ pous apa sou yon kat jeyografi.
- Kalkile ak konpare pri inite. Pa egzanp, si yon bwat lèt 8 ons koute 0,60\$ epi yon boutèy 12 ons koute 1,00\$, kalkile pri pa ons yo chak pou konnen kisa ki bon mache.
- Konvèti lajan ant de deviz(lajan) diferan. Pa egzanp, kalkile konbyen 100,00\$ ye an Ewo, lajan peyi Inyon Ewopeyen yo itilize.
- Rezoud ekwasyon plizyè etap, ki melanje tèm sanblab, tankou $2x + 3 + 5x = 10$.
- Itilize estimasyon pou wè si yon reponns rezonab pou yon pwoblèm.

Syans

Syans nan klas setyèm ane ap eksplore jewoloji, matyè ak enèji, ak ekilib dinamik òganis animal imen ak lòt òganis.

Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Rekonèt wòch kapab igne (ki fòme ak magma oswa lav ki refwadi), sedimantè (ki fòme nan depo ak konpresyon), ak metamòfik (ki chanje nan chalè ak presyon).
- Rekonèt wòch yo sibi sik chanjman de yon fòm a yon lòt fòm. Pa egzanp, tanperati oswa lòt fòs ka dekonpoze wòch igne yo an patikil ki kapab vin konprese an wòch sedimantè. Anba presyon ak chalè, wòch igne ak wòch sedimantè alafwa kapab tounen wòch metamòfik.
- Konnen kote yo jwenn fosil yo epi konprann enpòtans fosil yo kòm achiv tan pase.
- Konnen kwout tè a fòme avèk plak k ap deplase, epi konprann prèv ki sipòte teyori sa a.
- Rekonèt se fay ak pli ki lakòz tranblemanntè nan kwout tè a.
- Konprann tablo peryodik ak konsèp eleman, atòm, molekil ak konpoze.
- Konprann reyaksyon chimik yo—pwosesis pou konvèti yon sibstans an yon lòt sibstans ki genyen diferan pwopriyete. Rekonèt reyaksyon chimik komen, tankou lè atòm idwojèn ak atòm oksijèn ini pou fè molekil dlo.
- Konprann fason kò imen kenbe anviwònman entèn li estab (konsève omeyostazi), avèk sistèm li yo k ap travay ansanm dousman.
- Konprann fason kò a itilize pwosesis tankou respirasyon ak metabolis pou kontwole anviwònman entèn li.
- Konprann fason plant yo jwenn enèji ak fason yo reyaji nan anviwònman ekstèn yo.

Aprantisaj lakay

Ansanm avèk pitit ou, gade echantyon fosil dinozò yo ak lòt kreyati kit e egziste nan tan pre-istwa nan koulwa fosil monn selèb *American Museum of Natural History* (genyen frè pou peye pou sa). Ology, sit wèb mize a pou jenn moun, www.amnh.org/ology/paleontology/stuff/findfossils.html, ofri konsèy pou chasè fosil yo ak lye *links* nan lòt sit wèb.

Ankouraje pitit ou pou li idantifye reyaksyon chimik ki fèt lakay ou. Pa egzanp, reflechi sou reyaksyon chimik ki fèt nan kwit manje, netwayaj ak lòt aktivite chak jou yo. Sonje pwosesis natirèl, tankou fotosentèz ak respirasyon, se egzanp reyaksyon chimik tou.

Fè egzèsis lè w mache vit nan katye w la avèk pitit ou. Pote atansyonsou fason kò ou reyaji lè w respire fò, ogmantasyon batman kè ou, ak lòt mezi kontwòl. Ki moun ki genyen kò yo retounen nòmal pi vit?

Ankouraje pitit ou pou li vizite *Volcano World*, volcano.und.nodak.edu, yon sit wèb ki genyen nouvel ak enfòmasyon, rapò pèsonèl moun ki te toupre vòlkan, ak enfòmasyon resan sou eripsyon ki fèt toupatou nan monn lan.



Aprantisaj lakay

Fè yon ti pwomnad avèk fanmi ou atravè istwa Afriken-ameriken vil nou an. Mande pitit ou pou li transfere *download* Eritaj Afriken an pandan li sou sit wèb Immigrant Heritage Trail, immigrantheritagetrail.org, yon pwojè *Lower East Side Tenement Museum*.

Ankouraje pitit ou pou li fè rechèch sou kouman Lagè Sivil la chanje vil nou an ak Leta Nouyòk. Pa egzanp, tcheke istwa Brooklyn sou sit wèb Bibliyotèk Piblik Brooklyn nan Lagè Sivil la nan brooklynpubliclibrary.org/civilwar.

Envite pitit ou pou li fè rechèch sou istwa imigrasyon fanmi ou epi pataje sa avèk *Ellis Island Immigration Museum*, www.ellisland.org. Pitit ou kapab itilize sit wèb la tou pou fè rechèch sou istwa lòt fanmi.

Antan yon fanmi, al vizite *George Gustav Heye Center of the National Museum of the American Indian* ki nan Manhattan, www.nmai.si.edu. Chèche konnen ki kominote Endyen-Ameriken ki t ap viv nan rejyon sa a lè premye eksploratè ewopeyen yo te rive.



Syans sosyal

Nan syans sosyal klas setyèm ane, elèv yo ap eksplore istwa Etazini ak Nouyòk ant 1500 ak apre Gè Sivil la.

Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Konnen ak konprann entèaksyon ant Endyen-Ameriken yo ak premye kolon ewopeyen yo ak efè kolonizasyon an sou Endyen-Ameriken yo.
- Konprann òganizasyon politik, ekonomik ak sosyal kilti Algonkyen yo.
- Konprann kouman diferan pèp wè menm evènman oswa menm pwoblèm nan fason diferan. Pa egzanp, kouman pwendvi eksploratè ewopeyen ak Endyen-Ameriken yo konsènan akò kolonyal la te diferan?
- Fè rechèch sou patrimwàn ak eritaj koloni ewopeyen yo nan Lamerik. Pa egzanp, egzamine enflyans Olandè yo sou koloni New-Amstèdam, oswa konpare ak opoze koloni angle, franse ak panyòl yo.
- Dekri yon evènman nan listwa atravè sa yon moun ki te la wè.
- Itilize dyagram pou entèprete modèl kolonizasyon peyi ameriken k ap devlope, tankou Acha Louisiana ak devlopman lwès.
- Konprann kòz konplèks Revolisyon Ameriken (ekonomik, sosyal, ak politik).
- Li ak entèprete dokiman ki enpòtan pou fondasyon Etazini, tankou Magna Carta , Deklarasyon Endependans, ak Deklarasyon Dwa Moun *Bill of Rights*.
- Konprann koz ak efè esklavaj.
- Itilize sous prensipal yo pou fè rechèch sou rezilta Lagè Sivil la ak Rekonstriksyon an.

Plis konesans ak aptitud enpòtan

Elèv klas setyèm ane nou yo ap aprann plis pase li, ekri, fè matematik, ak konprann konsèp enpòtan yo nan syans ak nan syans sosyal.

- **Boza** : Elèv klas setyèm ane yo ap fè yon semès nan chak de fòm boza yo, tankou boza vizyèl, dans, mizik ak teyat. Y ap devlope aptitud ak teknik nan fòm atistik la; kreye travay orijinal; metrize vokabilè ak literati ki asosye; fè rechèch sou istwa; epi itilize enstitisyon atistik kòm resous pou aprantisaj, karyè posib ak aprantisaj avanse nan domèn boza. Pou jwenn plis detay, ale sou sit wèb www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.
- **Egzèsis fizik ak sante** : Elèv yo ap kontinye amelyore sante pèsònèl yo ak byennèt yo, sante fanmi yo ak zanmi yo, epi sante lekòl yo ak kominote yo. Pa egzanp, nan tout matyè debaz yo, elèv yo ap aprann fason pou analize enfluyans fanmi, kamarad klas, ak medya sou konpòtman sante ak fason pou pratike konpòtman sante epitou pou evite konpòtman danjere, tankou fimèn ak pran dwòg. Pou jwenn plis detay, ale sou sit wèb www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.
- **Bibliyotèk ak Rechèch** : Nan fen ane a, elèv klas setyèm ane yo kapab itilize enfòmasyon jeneral pou fè prediksyon repons pou rechèch; rafine kesyon rechèch yo; evalue ak itilize enfòmasyon ki itili, ajou, ak egzat; itilize enfòmasyon ak pwendvi yon fason responsab; òganize enfòmasyon yo pou tire konklizyon; site sous; rekonèt ak konsidere pwendvi otè a ak lòt moun; epitou li divès jan. Pou jwenn plis detay, ale sou sit wèb www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.
- **Teknoloji** : Elèv ki nan klas setyèm ane yo ap kontinye pratike, diskite ak pataje itilizasyon sennesòf ak akseptab teknoloji ak enfòmasyon. Elèv yo ap aprann fason pou idantifye ak aplike pwosedi pou desine, kreye ak antre enfòmasyon nan yon baz done, ak fason pou fè rechèch pou trete done ak rezilta rapò ki enpòtan sou yon ipotèz oswa sou yon kesyon rechèch. Elèv yo ap itilize plizyè kalite enfòmasyon ak zouti teknoloji kominikasyon pou enfòmè ak rezoud yon pwoblèm espesifik epi pou yo prezante rezilta oswa pou idantifye ak prezante konparezon reflechi pou yon desizyon. Pou jwenn plis detay, ale sou sit wèb www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.

Aprann plis

Gid sa a ofri sèlman yon ti rezime sou plizyè nòm pitit ou a ap gen pou l aprann ane sa a. Ou ka gade ak fè kopi gid sa yo pou tout klas, jadendanfan-8yèm ane menmjan ak tout nòm yo okonplè pou tout matyè ak tout klas sou sit wèb nou an nan www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.

Divizyon Ansèyman ak Aprantisaj ak OFEA ofri enfòmasyon adisyonèl sou edikasyon pitit ou a ak lide sou kouman ou ka ankouraje li, e lakay e nan lekòl pitit ou a. Pou plis enfòmasyon, ale sou toude, sit wèb Ansèyman ak Aprantisaj www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics ak sit wèb OFEA

www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/ofea. Ou ka kontakte tou koòdonatè paran lekòl pitit ou a oswa OFEA nan (212) 374-2323 oswa pa Imèl nan ofea@schools.nyc.gov. Anplis, ou ka telefone 311 pou plis enstitisyon kiltirèl ak istorik nan vil la pou w vizite ak pitit ou yo.

T&I-7924 7th (Haitian Creole)



Joel I. Klein, Chancellor

